



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 23 avril 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE STATE FINALIZE DEZYÈM FAZ AKIZISYON ANSYEN TÈ FINCH YO NAN ADIRONDACKS

Nature Conservancy ap Bay Eta a \$500.000 pou Kominote Adirondack yo ka Fè Pwomosyon Devlopman ak Touris Ekonomik

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Eta New York finalize akizisyon ansyen pwopriyete Finch Pruyn 9.300 ak yo nan Adirondacks. Akizisyon pwopriyete sa yo, Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa dawout 2012 la, pral asire pwoteksyon pèmanan ak ekspansyon posiblite fè touris nan Park la, nan benefis kominote lokal yo.

Mòso tè ki achte jodi a nan men Nature Conservancy gen ladan: sipèfisi OK Slip Falls nan Konte Hamilton; sipèfisi Casey Brook nan Konte Essex; sipèfisi Spruce Point nan Konte Washington; sipèfisi Saddles nan Konte Washington; Sipèfisi Hudson Riverside/Ice Meadow nan Konte Warren; ak sipèfisi Indian River nan konte Essex ak Hamilton.

“Pa gen yon lòt jan pi konvenab pou selebre Semèn Latè a pase pwoteksyon pworiyete spektakilè nan Adirondack Park la pral kreye posiblite fè touris epi mennen plis vizitè nan kote mayifik sa,” te di Gouvènè Cuomo. “Ak nouvo akizisyon sa yo, n ap kontwi sou ansyen investisman eta a nan Adirondacks pandan n ap amelyore yon Park nivo mondyal ki genyen yon richès tè prive ak piblik nan youn nan anviwonman ki pi bèl sou tè a.”

“Adirondacks yo se youn kote san parèy nan New York epi ki se lidè nan konbine konsèvasyon resous natirèl ak devlopman kominotè ak ekonomik dirab. Ajoute ansyen tè Finch sou Forest Preserve la pral ouvri yon pasaj mayifik Upper Hudson lan pou piblik la epi atire nouvo vizitè anndan Adirondacks,” te deklare Manm Komisyon Depatman Konsèvasyon Anviwonmantal la Joe Martens.

Nan kad travay konsèvasyon istorik sa, TNC te bay Eta yon sibvansyon \$500.000 pou sipòte koneksyon kominotè ak devlopman ekonomik ak ansyen tè Finch yo nan Newcomb, Minerva, North Hudson, Indian Lake, Long Lake ak lòt vil.

Haitian Creole

Bill Ulfelder, Direktè Egzekitif Nature Conservancy nan New York, te di konsa, “Grasa lidèship Gouvènè Andrew Cuomo ak Manm Komisyon Joe Martens, Eta New York ap ranfòse erijat anviwonman remakab li a ak ajou sa yo nan Adirondack Park. Pwoteje forè, rivyè, rwisò ak lak rejyon anpa sèlman bon pou touris, aktivite rekreyasyon ak fonn, men li ede tou kenbe dlo New York pwòp epi diminye risk inondasyon pandan gwo move tan tankou Siklòn Irene ak Sandy.”

Michael Carr, Direktè Egzekitif Nature Conservancy’s Adirondack Chapter, te deklare, “Pòte pwojè sa ap pèmèt nou reyalize kolektivman pwoteksyon ekolojik enpòtan, pandan lap pèmèt yon varyete itilizasyon konpatib, ak tou kreyasyon kèk opòtinite rekreasyon vreman eksitan, nivo mondyal Rive nan pwèn sa se rezilta anpil travay di otorite eta, lidè kominotè, pwofesyonèl nan forè, ak lòt ki vle twouse manch chemiz yo epi jwenn solisyon tou nèf.”

Nan lane 2007, TNC te achte tout pwopriyete 161.000 ak la nan men Finch Pruyn. TNC te vann 90.000 ak bay yon konpayi priv pou jesyon bwa. Eta a te mande sèvitid conservation sou tè sa yo nan lane 2010 pou garanti tè yo tap pwoteje epi konsève pou forè dirab ak fonksyonèl nan kominote atravè rejyon Nò Peyi a.

TNC te jere yon pwopriyete 69.000 ak nan objektif pou l asire pwoteksyon li. Nan kad akò Gouvènè Couomo te anonse ete pase a, pwopriyete 69.000 ak la pral vann bay eta a dapre yon kontra sou senk ane ki te kòmanse nan lane 2012. Yon fwa li fit fèt, akizisyon ansyen tè Finch yo pral pi gwo ajou ki fèt nan State Forest Preserve la sou 118 lane.

Akizisyon sa konplete pwopriyete 18.318 ak Essex Chain of Lakes Eta a te fè nan fen ane 2012. Eta a pral peye Nature Conservancy \$6,3 milyon pou yon total anviwon 9.300 ak epi pral peye tout taks fonsye sou tè a.

DEC ak APA ap travay ansanm pou planifye fiti klasifikasyon ansyen tè Finch yo. DEC te fini yon Pwopozisyon pou Aksè Piblik ak Klasifikasyon Tè Eta pou tout pwopriyete 69.000 ak la, ki chita sou done ki soti nan men otorite lokal Adirondack ak lòt pati konsènen, epi te soumèt bay Adirondack Park Agency ak gwoup pati kosènen Park yo.

APA pral pibliye yon draf plan klasifikasyon tè pou pasèl yo nan fen ane a. Yon peryòd pou kòmantè piblik pral kòmanse yon fwa plan draf la pibliye epi odisyon piblik pral fèt anvan dènye rekòmandasyon yo ale jwenn Gouvènè a pou apwobasyon. Yon fwa klasifikasyon tè apwouve, DEC pral devlope Unit Management Plans ki pral gide itilizasyon piblik ak administratif pwopriyete yo alontèm. Yon pwosesis ouvri ak transparan, ki gen ladan yon peryòd pou kòmantè piblik, pral fèt pou chak Unit Management Plan.

Aktyèlman, APA ak DEC ap travay sou plan aksè piblik pwovizwa pou bay aksè byen vit sou Hudson ak Cedar Rivers atravè Essex Chain of Lakes ak Indian River Tracts. Plan aksè piblik pwovizwa sa prevwa pou l soti nan kèk semèn kap vini yo ak aksè pou machin piblik kap kòmanse fen me oubyen debi jen depandan kondisyon wout yo.

Sipèvizè Vil Newcomb George Cannon te di konsa, “Akizisyon sipèfisi sa yo pral ogmante opòtinite randone epi bay aksè dirèk nan Upper Hudson River apati Newcomb Town Beach. Atire plis vizitè rantre anndan dwe ogmante opòtinite ekonomik pou kominote Adirondack.”

Sipèvizè Vil Indian Lake Brian E. Wells te di konsa, “Akizisyon pasèl OK Slip Falls ak Indian River Eta a fè a reprezante yon nouvo mind mantalite nan Albany. Gouvènè a te pwopoze akizisyon tè sa yo pa sèlman kòm nesosite anviwonmantal men tou kòm yon nesosite ekonomik pou eta a. DEC anchaje jwenn yon apwòch ekilibre nan rekòmandasyon klasifikasyon yo a nan APA a. DEC te atenn kominote lokal yo pou mande yo voye done yo bay APA. Si klasifikasyon sa yo fèt ak done lokal ki soti nan kominote ki pral afekte plis yo, sa ka menmen nan rezireksyon pak la.”

Sipèfisi kap achte pandan pwochen semèn kap vini yo se:

Indian River/Hudson River, Vil Indian Lake ak Minerva, Konte Hamilton ak Essex: Eksperyans rafing ki pi eksitan ak popilè a nan Adirondacks kòmanse sou Indian River epi kontinye desann sou anviwon 15 mil sou Hudson River Gorge. Ajou sipèfisi 940-ak sa sou rezèv forè piblik la pral kenbe eksperyans la natirèl, (Gade tou sipèfisi OK Slip Falls.) Pasèl enpòtan pou prezève eksperyans rafting lan ki rale 25.000 moun chak ane. Li se tou vann kap ouvri nouvo opòtinite rekreyasyon grasa aksè ak pwèn take-out yo tap tann lontan yo ki pral favorize pasaj upper Hudson River jis nan nò yon opsyon vyab pou moun kap rame ki vle fè eksperyans dlo pi kalm pase rapid klas III/ IV Gorge la.

Bèl pwolongasyon Hudson River sa a ap vin yon kote ki pi atiran pou vizitè k ap chèche eksperyans rivyè inik ak limite sa yo, pou mennen moun nan kominote Indian Lake, Blue Mountain Lake, Long Lake, Newcomb ak Minerva pou chèche lojman ak materyèl. Aspè sa nan pwojè a pral ouvri pou itilizasyon piblik ane sa a jan sa te diskite pi wo a. Detay ajou sou aksè piblik pral disponib sou sitwèb DEC a: www.dec.ny.gov.

OK Slip Falls, Vil Indian Lake, Konte Hamilton: Youn nan chit dlo pi spektakilè nan Adirondack Park, OK Slip fè pati yon pwopriyete 2.800 ak ki pral disponib byento pou piblik la ak lòt aktivite anplennè. Sipèfisi a gen ladan etan 2,1 nan Hudson River, Blue Ledges, Hudson River Gorge, ak tou Carter, Blue Ledge ak Pug Hole. Pwopriyete sa gen tou youn nan seksyon pi eksitan nan wout dlo rapid popilè ki pral rale plis pase 25.000 avantirè ki chak ane pase sou pwopriyete sa.

Sipèfisi sa sipoze gen ladan plis plant ra ak enpòtan, mous ak epatik pase tout lòt sit nan Adirondack Park. Se sèl kote tou nan Eta New York kote saksifraj ki gen fèy opoze fwèn ki sanble cheve, lay sovaj ak lòt espès ra ki eziste.

Sòl Adirondack jeneralman asid akòz relyèf jeyolojik sousò wòch ki predominan. Nan zòn sa, sousòl wòch yo tache ak mab Grenville ki rich ak mineral. Aflèman mab ki gen yon milya ane nan kote tankou Blue Ledges ak OK Slip Falls te kreye kondisyon kwasans favorab pou asanblaj san parèy plan to thrive. Blue Ledges se tout mab, epi paske li fè fas ak nòdwès epi rete mouye pandan tout ete a, li fonksyone kòm yon refij— yon ti pyès detache montay atik la—epi te pèmèt yon rès nan kominote plan nan rejyon

Haitian Creole

nò a pèsiste. Plis pase yon tyè nan 96 mous ki pouse nan Blue Ledge pa komen ouben yo ra. Menm jan, anviwon yon tyè nan 69 mous ak epatik nan OK Slip Falls pa komen epi ra tou. Nan ravin OK Slip, foujè holly Braun ak buttercup Pennsylvania fè pati plant vaskilè ra yo jwenn.

Casey Brook, Vil North Hudson, Konte Essex: Sipèfisi 587 ak Casey Brook sitiye stratejikman nan sid zòn High Peaks Adirondack Park la nan lwè Elk Lake Preserve. Li bay yon koneksyon randone dirèk ak Mount Marcy ak lòt High Peaks, ak tou opòtinite chas ak piknik piblik. Li reyini Boreas Ponds Tract, ki fè pati ansyen tè Finch Eta a pral achte pi devan.

The Saddles, Vil Whitehall, Konte Washington: Pwopriyete 2.540 ak a andeyò Adirondack Blue Line lan tou, nan konte Washington. Pwopriyete sa pa fè pati pwopriyete Finch Paper, Nature Conservancy te achte li ak lentansyon pou l vann li bay eta a. Sipèfisi a prezante falèz apik ak plis pase 2.250 pye litoral ki pa devlope sou Lake Champlain's South Bay. Genyen yon konplèks rwisò, marè, marekaj ak forè inondasyon ki domine tè ba nan South Bay a. Pant zèb, falèz ak forè bwadi nan rejyon nò karakterize tè wo anviwonan yo. Gwo forè vyèj la, ki eksoze masif wòch ak pant Saddles Mountain yo bay espas alimantasyon pou Eastern sèpan bwa (ki menase) ak abita pou fokon peleren (an danje). Genyen yon marè diri sovaj inik nan pye Saddles.

Spruce Point (AKA Dolph Pond), Vil Whitehall, Konte Washington: Kòm mòso tè 726 ak sa andeyò Adirondack Park, li vinn yon nouvo forè eta a kap sèvi pou rekòt bwa tirab, randone, chas, piknik ak lòt aktivite rekreyasyon anplennè, gratis pou piblik la. Pasèl la rejlye tèsèvitid konsèvasyon eta a ak lwès epi fè pati yon pasaj natirèl enpòtan ant Champlain ak basin Lake George ak Green Mountains nan Vermont. Pwopriyete a montre ridje enteresan, yon varyete tip forè, ki gen ladan Appalachian oak hickory ak hemlock northern hardwood, epi tou li bay lojman pou ous nwa, white tail deer ak lòt espès natirèl.

Hudson Riverside/Ice Meadow Tract, Vil Chester, Konte Warren: Pasèl 727 ak sa se yon mòso tè enpòtan ekolojikman sou 1,5 miil Hudson River, ki reyini ak yon pasèl Forest Preserve yo te deja achte. DEC pral travay ak Vil Chester pou devlope yon rezo santye kap evite enpak sou plan frajil ak pwopriyete prive.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418